*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 17 (7387) РУЗМАН 26 апрель 2024 сон

12+

БАЙРАМАЛДЕ ХIАДУРЛЪУЛАГО

## Бергъенлъиялъул къоялде



Райадминистрациялда тIобитIана районалда Бергъенлъиялъул къо кIодо гьабиялъе хIадурлъиялда хурхарал суалал дандразе оргкомитеталъул гIодорчIей.

Заседаниялда гIахьаллъарал районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместителаз, военкоматалъул, ихтиярал цIуниялъул ва цогидалги идарабазул вакилзабаз хал гьабуна 9 маялде къогогIан акция тIобитIиялъе гьабизе ккараб хIадурлъиялъул.

Лъай кьеялъул ва маданиялъул отделалъул начальник Шамиль МустIапаевас

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

СВОялда ХЪУЛУХЪ ГЬАБУЛЕЛ

## Рагъухъанасулгун дандчIвай



ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас жиндихъго къабул гьаруна СВОялдаса къокъабго отпускалъ рокъове щварав Кьорош росулъа Руслан Апандиев ва гьесул эмен.

Руслан вукIана 2022 соналъ мобилизациялъ ахIидал жаваб гьабурал тIоцересезул цоявлъун. Рагъухъанас бицана хъулухъ унеб бугеб куцалъул, чIезарурал шартIазул, гьанжесеб ахIвал-хIалалъул ва ракълилал гIадамазул рахъалъан кумекалъул.

ДандчIваялъул накъиталъул ахиралда МухIидин МухIамадовас гIолохъанчиясе ВатIаналъе бахIарчиго ва къадруго гьабулеб хъулухъалъухъ баркала загьир гьабуна, киналго нилъер рагъухъабазе сахлъи, икъбал ва хехго рокъоре руссунеб лахIзат гьарана. Рагъухъанасул инсуеги баркала кьуна бахIарчияв вас гIезавуралъухъ.

ИХДАЛИЛАБ ПРИЗЫВ

## Аскарияб кампания

**ТIоцебесеб апрелалдаса нахъе Россиялда байбихьана армиялде гIолохъаби ахIиялъул ихдалилаб кампания. Армиялде ине мех щварал гIолохъаби ахIулел руго медкомиссия гьабизе районалъул военкоматалде.**



ВатIаналдехун бугеб рокьи цIикIкIинабиялъул мурадалда, анцIила лъабго лъимадул эмен, Арчиб росулъа ЖабрагIил Шамхалов жиндирго ункъо васги вачун вачIана военкоматалде. Военком МухIамад МухIамадовас бицана гьезул кIигояв Юсуп ва МухIамад аскариязе мустахIикъал ругилан ва кватIичIого хъулухъ гьабизе ине ругилан, гьитIинав АхIмад рагъулаб учеталда лъунилан, Рамазан – хадубккунисеб хал-шал гьабизе витIанилан.

Инсуца тIадеги жубана: «Дица рикIкIуна армиялда хъулухъ гьаби бихьинчиясул гIумруялъулъ кIвар бугеб бутIалъун. Хъулухъ гьабулаго гьезда лъала ярагъгун хIалтIизе, черхги лъадарула, рухIияб рахъги куцала».

«Нилъер гIемерал мисалал руго рагъулаб хъулухъ гьабизе гIолохъаби жидеего бокьун арал, гьединго СВОялда гIахьаллъи гьабизеги. Нижер рахъалдаса кIвараб кумек гьединазе гьабизеги буго», - ян лъазабуна военкомас.

Аскариязул кампания халат бахъула 15 июлалде щвезегIан, гьединго хъулухъалде ине ккола 18-са 30-де сонил гIумру бугел гражданал.

УМУМУЗУЛ ГIАДАТАЛГИ ЦIУНУЛАГО

## Оцбаялъул байрам



Гьал къоязда росабазулъ тIоритIулел руго оцбаялъул байрамал.

Кьорош росулъги тIобитIана гьеб ихдалилаб, хуриб тIоцесеб рахъ баялъул байрам. ГIидалъул къоязда хадубго гIунтIун ккедал тIаде рачIарал ракьцоязеги рес щвана аваданаб тадбиралда гIахьаллъи гьабизе.

Исана оцбаялъул тадбир тIаде босараллъун рукIана ГIабдурахIман, МахIач ва МухIамад МуртазагIалиевазул хъизан-кулпат. Росдал имам АхIмад ИсмагIиловас жамагIаталда баркиги гьабун, лъагIалил лъикIаб бачIинги гьарун дугIа гьабун мугьги рехун хадуса бана хуриб тIоцебесеб рахъ.

ГIадат билълъараб къагIидаялда, байрам берцин гьабулеб бутIа – халкъиял къецаздеги ирга щвана. Киналго гIахьалчагIи мустахIикълъана шапакъатазе, гьезда гьоркьоб букIана оцбаялъул аслияб игIлан гургаги.

НИЛЪЕР КАДРАБИ

## Библиотекаялъул цIияв нухмалъулев



ЧIарада районалъул росабазда гьоркьосеб библиотекаялъул гIуцIиялъул (МБУК «Межпоселенческая централизованная библиотечная система») директорлъун тIамуна Халикъов Назирбег Баширович.

Дагъал къояз цебе библиотекаялде щварал районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас ва администрациялъул ишазул нухмалъулей Шамай Абакаровалъ цIияб хъулухъ баркана Назирбег Халикъовасда ва библиотекаялъул коллективалъе гьарана икъбалгун цебетIей. Цеехун гьеб хъулухъалда ракIбацIцIадго хIалтIарай ПатIимат Закариевалъе кьуна къиматаб грамота.

Назирбег Халикъов гьавуна 1961 соналда ХIурухъ росулъ. ХIалтIана батIи-батIияб хъулухъазда, лъебергогIан соналъ хIалтIана Кочубеялъул школа-интернаталда. 2003 соналъул 1 сентябралдаса нахъе тIубазабуна ЧIарада районалъул РДКялъул художествениияв нухмалъулесул хъулухъ.

БАЙРАМАЛДЕ ХIАДУРЛЪУЛАГО

# Бергьенлъиялъул къоялде

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

лъай-хъвай гьабуна байрамалда гьаризесел тадбиразул сияхIалъулгун.

Аслиял тадбирал байбихьизе руго 8 маялда. ТIобитIила СВОялъул рагъухъаби, цогидал рагъул гIахьалчагIи гьоболлъухъ ахIараб ва гьезие баркиял, сайгъатал кьолеб митингги.





Гьал къояздаго районалъул росабазул къватIал берцин гьаризе руго аншлагаз, бергьенлъиялъул байрахъаз ва баркияз. Байрамалде къачIала КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранназе памятникалги. КIиабилеб маялда байбихьила «Георгиевская лента» акция, хадурккун рукIина велосипедазул ва автомобилазул пробег, гьединго цогидалги ВатIаналде рокьи цIикIкIинабиялъул акцияби.

МухIидин МухIамадовас тIадчIей гьабуна Бергьенлъиялъул къоялда хурхун гьарулел киналго тадбирал тIадегIанаб даражаялда тIоритIизе ккеялда.

РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА

# Данделъи тIобитIана

Районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевасул кабинеталда данделъана районалда жаниб миграционияб законодательство цIуниялъулъ ккарал дагьалго гIунгутIаби рукIалиде ккезариялъул рахъалъ прокурорасул представлениялда тIасан мушавара гьабизе жавабиял.



Жакъа къоялъ районалда гIумру гьабулеб буго 9 къватIисел хIукуматазул гражданаз: гьездаса 4 Узбекистаналъул ва 5 Азербайжаналъул. Гьезулгун гьабулеб буго экстремизмалде ва терроризмалде данде лъураб хIалтIул бичIчIикьей ва районалда кинабгIаги рахъалъ гьеб загьирлъиялъул гIаламатал дагь гьари.

Экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIи гьабулеб отделалъул начальник Асад МухIамадовас лъазабуна рехьаби гочунеб ва рукъзал раялъул хIалтIаби байбихьулеб заманалда районалда раккизе регьулилан ихтияр гьечIого хIалтIизе рачIарал къватIисел хIукуматазул гражданал. Гьеб мехалъ росабазул жамагIатазул нухмалъулез лъазабизе ккелин администрациялда ва ихтиярал цIуниялъул органазда.

СВОялъул РАГЪУХЪАНАСДА БАРКУЛА

# Рагъухъанасул ригьин

Гьале лъагIелгIан мех ана Кьорош росулъа Руслан Апандиевас ригьин гьабуралдаса. СВОялдаса тIоцебесеб отпускалде щварабго гIагараб росулъ гьабуна гьес бертин. Лъимер гьабун хадуб гIолохъанаб хъизаналъ хIукму гьабуна жидерго ригьин ЗАГСалдалъун тасдикъ гьабизе.



ЗАГСалъул отделалъул бетIерай хIалтIухъан ГIайшат Халиловалъ хIурматияб низамалда тIобитIана ригьиналъул регистрация ва гьенибго гIолохъанаб хъизаналъе кьуна тIоцебесеб лъимер – вас гьавиялъул свидетельство.

Жиндирго рахъалдаса тIугьдузул квацIиги кьолаго баркигун кIалъана районалъул бетIер МухIидин МухIамадов. Хъизаналъул щулалъи, халатаб, талихIаб, цадахъаб гIумру ва ракълилаб зоб гьарана муниципалитеталъул нухмалъулес Апандиевасул хъизаналъе.

ИХДАЛИЛАБ ПРИЗЫВ

# Аскариязул тIоцебесеб къокъа



ЧIарада районалдаса анлъго аскариясдаса гIуцIараб къокъа военкоматалъул хIалтIухъабигун цадахъ щвана гьал къоязда республикаялъул сборнияб пункталде.

Гьениб медкомиссияги гьабун гIолохъаби ритIила рагъулал частазде ВатIаналъе хъулухъ гьабизе. Гьал гIолохъаби СВО унеб бакIалде ритIизе гьечIо.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ва рагъулав комиссарас гIолохъабазе гьаруна лъикIал насихIатал ва малъа-хъваял. Российялъул армиялда мустахIикъаб куцалда ва лъикIаб цIар щоледухъ хъулухъги гьабун, рагъулаб хъулухъалъул лъикIаб хIалбихьиги щун, тIадаб нальиги тIубазабун рокьоре тIадруссине.

Ихдалилаб аскариязул кампания халат бахъила 15 июлалде щвезегIан.

ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ КОНТРАКТНИКОВ

# Дагестанский батальон «Каспий»




Идет формирование дагестанского батальона «Каспий».

Все новобранцы, независимо от предыдущего опыта, проходят обучение и боевое слаживание под руководством опытных инструкторов.

Все добровольцы обеспечиваются средствами индивидуальной бронезащиты (бронежилет и защитный шлем), а также необходимой экипировкой (форма, обувь, термобелье, рюкзаки, спальники, карематы и т.п.).

Всем гарантируется полный социальный пакет, а также компенсационные выплаты при ранениях.

Контракт с МО РФ заключается на 6 месяцев. Денежное довольствие добровольцев варьируется в зависимости от занимаемой должности. Должностной оклад от 205 тысяч рублей в месяц.

По окончании контракта присваивается статус «Ветерана боевых действий». По результатам участия в СВО доброволец может быть представлен к государственным наградам РФ.

Требования:

1. Возраст до 50 лет.
2. Воинская специальность любая.
3. Наличие военного билета.
4. Отсутствие тяжёлых хронических заболеваний, ВИЧ, гепатитов.

Контакты батальона «Каспий»: +7-960-409-65-95

Вступай в ряды сильных!

Победа будет за нами!

РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА

# Аппаратальъулаб совещание

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровасул бетIерлъиялда тIобитIана администрациялъул аппараталъулаб совещание.



Совещаниялда гIахьаллъараз, тIоцебесеб иргаялда, заместителасе баян гьабуна цебехун араб ва тIаде бачIунеб анкьил хIалтIул.

ОГЭ ва ЕГЭ тIоритIиялъе хIадурлъиялъул хIасилазул, гьединго ВПР унеб бугеб куцалъул ва цIалдохъабазул лъаялъул гьабураб мониторингалъул бицана лъай кьеялъул отделалъул методист Мансур НурмухIамадовас.

Администрациялда хурхарал идарабазул хIалтIухъабазул кьечIого хутIарал налогал рецIиялъул рахъалъ гьабураб хIалтIул хIасилазул баян кьуна КСПялъул председатель МахIмуд МухIамадовас.

Районалъул магIишатазда исанасеб гIиял къинлъул гIуж рагIалде бахиналъул ва 85-95% гIияда хадуб кьегIер цIуниялъул баянгун кIалъана росдал магIишатгун экономикияб отделалъул начальник ХIажимухIамад Къадиев. ТIадеги гьес бицана «Чародинское» МХП ОООялда гьабураб рекьарул хIалтIабазул. Гьенир чIун руго l50 га гIемерсонилал ва l20 га цо сонилал хурдул.

Совещаниялъул ахиралда МухIамад ГIумаровас ракIалде щвезабуна Бергьенлъиялъул кьоялде районалда ругел идарабазул минаби хIадурлъиялъул тадбирал гьаризе ккеялъул: Бергьенлъиялъул байрахъал ва цогидалги гIаламатаздалъун къачIан.

ПРАВИЛА ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ

# Пал сухой травы: опасность и ответственность

Весной повсеместно проводят субботники и проблема стихийного сжигания сухой травы приобретает особую актуальность. Взрослые сжигают мусор и прошлогоднюю траву на своих огородах и дворовых территориях, а дети поджигают траву у дорог и на пустырях. Однако, прошлогодняя трава весной быстро высыхает на солнце и легко загорается от любой искры. Травяные палы быстро распространяются, особенно в ветреные дни. Горение стерни и сухой травы – процесс неуправляемый. Помните, что пожар легче предотвратить, чем сожалеть о его последствиях.




Чтобы избежать трагедию, необходимо:

- повсеместно исключить случаи неконтролируемых палов, в том числе сельскохозяйственных, сухой травы;
- при подготовке приусадебных, дачных участков к весенним работам собранный мусор не сжигать;
- установить рядом с жилыми домами и хозяйственными постройками бочки, наполненные водой;
- отдыхая в выходные дни на природе, следить за соблюдением всеми присутствующими правила пожарной безопасности, не оставлять непотушенных костров, не бросать горящие спички.

Напоминаем, что за нарушение правил пожарной безопасности в лесах, повлекшее возникновение лесного пожара, установлена административная ответственность, за уничтожение или повреждение лесных насаждений и иных насаждений предусмотрена уголовная ответственность.

Также напоминаем, что о лесном пожаре следует немедленно сообщить по единому федеральному номеру лесной охраны (8-800-100-94-00).

НАГАГЪАБ БАЛАГЬ

# Нухда ккараб авария

7-абилеб апрелалда «ЦIуриб-Арчиб» нухлул анцIабилеб километралда ккана авария. Арчиб советалъул Хилихь росулъа 1981 соналъ гьавурав Пазуев МикагIил ХIабибовичасда нухде гирун рачIунел ганчIаздаса цIуни гьабулаго бажарун гьечIо УАЗ 35 автомобиль жиндирго нухда бачине. Нухлул щоб бугеб бакIалдаса къогогIан метралъул манзилалъ кIкIалахъе гебегун буго автомобиль.



Гьелъул хIасилалда машина бачунев вукIарав чорхое захIматал жагъаллъабиги ккун гьеб бакIалдаго гIумруялдаса ватIалъун вуго.

ДТП ккараб бакIалде щвана ЧIарада районалъул ОМВДялъул начальник МусахIажи Саламов ва ОГИБДДялъул начальникасул ишал тIуразарулев Даитбег МуртазагIалиев.

ИТОГИ КВАРТАЛА

# Управление Россельхознадзора обеспечило безопасность зерновой продукции, отгружаемой в Иран за I квартал 2024 года

С начала текущего года должностными лицами Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан произведен досмотр 168 тыс. 806 тонн зерновой продукции, отгружаемой в Исламскую Республику Иран, что 4% меньше чем в 2023 году. Преимущественно экспортное зерно поступает в порт автомобильным транспортом из Кабардино-Балкарской Республики, Чеченской Республики и Ставропольского края, где, по данным экспертов, выращен хороший урожай. Сначала его загружают в специальные емкости для временного хранения зерна - элеваторы, затем по мере формирования судовых партий оно перегружается на судна. По завершению погрузки инспекторами Россельхознадзора отбираются пробы зерновой продукции, которые доставляются в лабораторию с самыми современными приборами исследований – в дагестанский филиал Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР». Всего с начала года, таким образом, было доставлено и исследовано 56 проб зерновых культур, в которых карантинных вредных объектов не выявлено.



По итогам лабораторных исследований специалисты дагестанского филиала Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР» начинают процесс фумигации – уничто1жения насекомых и других видов возбудителей болезней растений путём отравления газами-инсектицидами. Только по завершению фумигации, судна с зерновой продукцией отправляются в Иран. А газ, выделенный из специальных приборов, будет циркулировать в трюме с зерном еще несколько дней во время перехода судна.

На основании заключений подведомственного Всероссийского центра карантина растений Россельхознадзором за отчетный период выдано 86 фитосанитарных сертификата.

При проведении карантинного фитосанитарного контроля подкарантинной продукции нарушений международных фитосанитарных требований не выявлено, карантинные объекты не обнаружены. Благодаря последовательным действиям сотрудников Россельхознадзора удалось обеспечить безопасность зерновой продукции, отгружаемой в страну-импортер.

Напомним, что Махачкалинский международный морской торговый порт расположен на западном побережье Каспийского моря и является единственным незамерзающим и самым глубоководным портом России на Каспии, а также важным стратегическим звеном связующим Юг страны с государствами Средней Азии, Ираном, Закавказьем, другими странами региона.

***Начальник отдела Управления Россельхознадзора по РД И.Г. ГАШИМОВ***

РАЦIЦIАЛЪИ – САХЛЪИ

# ГIаммаб субботник

ЧIарада районалда тIобитIана республикаялъул гIаммаб субботникалда гьорлъе жураялъул санитарияб акция. Жидерго идараялда хас гьабураб авал, райцентралда ругел гIисинал хьитIал, къватIал, паркал ва памятникал рищникъулалдаса рацIцIад гьари-











ялъулъ гIахьаллъи гьабуна идарабазул нухмалъулезгун хIалтIухъабаз ва цогидалги росулъ гIумру гьабулез.

ЛъикIаб хIалтIул хIасилалда субботникалда гIахьаллъарал тIабигIаталда чай гьекъолеб аваданаб накъиталда дандеялъана.

## *Авар кицаби ва абиял*

Бахьикъосарай лъадуда данде чIваялдаса гIалхул хъумуралда данде чIвай нусцIул лъикIаб.

Бахьинаб надалдаса гьоко богIол цIоларо, халатаб гарбидаса къвал харил бахъуларо.

БахIараб гIумру анищ, гьанжесеб гIакълу анищ.

БахIараб мехалъ – ахтачу гIадин, херлъараб мехалъ – гьагIдолеб хIама гIадин.

БахIараб мехалъ гьабичIеб херлъидал батуларо.

БахIараб мехалъ хIалтIизе кIухIаллъарав херлъидал кIицIул хIалтIизе ккола.

БахIарайгIан кIалъаге, кIал ккурабгIан кванаге.

БахIарго херлъугеги, херлъун хъарцинлъугеги.

БахIаргоги хогеги, херлъун дабагъ лъугьинегIанги хутIугеги.

БахIаргойин гъветI гьетIулеб.

БахIарлъуда – кополчи, харадунив – чIандачи.

БахIарчи кьинлъулаго гуревила холев, рагъдайила.

БахIарчи кьалда хола, хIалихьат боснов хола.

БахIарчи лъала хIинкъи ккараб бакIалда, гIакъил лъала чара хвараб ишалда гьоркьов.

БахIарчи хьабчилъги ватула, чу гьирикьги батула.

БахIарчи хIинкъи бугеб кьоялъ чучуларев.

БахIарчи цин хола, хIалихьат анцIул хола.

БахIарчи цIакъав – кьалда, кьибил кIудияв – росулъ.

БахIарчи цIакъав – ЧIондокьа ХIажияв, цIар – ХIажимурадие.

ХIажимурадица кидаго гьединаб кьимат кьолеб букIун буго ЧIондокьа ХIажиясе. ЧIондокьа ХIажияв вукIана ХIажимурадил чукъа, мухьилав рагъухъан, ХIажимурадие бика хьамулеб сордоялъ тIоцеве галаналде вахарав, бика кодое щвезе киназего нухги рагьарав чи.

БахIарчи чарангIан гьетIуларев, хIалихьат пахь гIадин хьетIарулев.

БахIарчи чол кьолонив холев.

БахIарчилъи яхIалъулъила букIунеб (яхI гьечIелъуб бахIарчилъи букIунареб).

БахIарчилъиги намусги цадахъ букIунеб, цояб билани, цоябги билулеб.

КЕПАЛ ХАРБАЛ

### МАХХУЛ ХIАМА НАХЪЕ БАЧЕ

ГъазихIил Хъатиматил хурибе рехун букIун буго колхозалъул трактор. Тамахабго заман аниги, гьеб нахъе бехьерхъизе чагIиги рачIинчIелъул, Хъатиматица колхозалъул председателасда лъазабун буго:

- Гьоб нужорго маххул хIама дир хуриса нахъе бачe, гурони дица гьеб харицелалъ кьотI-кьотIунги бан, къватIибе рехизехъин буго, - ян.

### ВОРЕ, ХЕХГО ТIАДВУССА

Росулъе унеб нухлул рагIалда бугеб жиндирго хур бекьулев вукIарав ГъазимухIамадиде аскIове, саламги кьун, вачIун вуго нухлулав.

Гьес бицун буго: «Валлагь жив унев вугин Гьочове, гьенив рагIулин гьунар бергьарав, ГъазимухIамадин абулев гугарухъан, бокьун букIанин гьесулгун къуват борцизе», - ян.

ГъазимухIамадица, гьев жиндихъе унев чи вукIинги бичIчIун, аскIовеги ахIун, абун буго: «Валлагь вугинха гьединав чи росулъ, гьес дагъав цеве гугарун живги къезавунин. Бокьани, цин гьесухъе иналде, вачIайин жиндиргун хIалбихьизе, жиндаса мун бергьани, цинги гьесухъеги ине бегьила», - ян.

КIиялго данд хурхаралго ГъазимухIамадица нухлулав гьоркь лъун вуго, цинги тIаде вахьине гьесие кумек гьабулаго абун буго: «Воре мун, расги букIинчIеб гIадин, хехго тIадвусса, гурони дидасаги бергьарав гьевгун мун бажаруларо», - ян.

### ПАРТИЯЛДЕ ЩАЙ ЛЪУГЬУНАРЕВ?

Колхозалъул вехь ШейхмухIамадил Расулида гьикъун буго:

- Расул, мунги щай партиялде лъугьунарев? – илан.

Расулица жаваб кьун буго: «Цевего лъугьине вукIана дун гьениве, лъугьун хадуб гарбуда базе партийный галстук гьечIого хутIун вуго», - ян.

### ТIАДАБ НАЛЪИ

Цо мискинчиясул букIанила киса-кибего цIар рагIараб цIакъазда гьоркьобги цIакъаб чу. Гьеб чу дие бичейин, дуца абурабгIан гIарацги кьелин тIаса вичIичIого абулеб букIанила цо бечедав чияс. Амма чуялъул бетIергьан кинго разилъулев вукIинчIила.

БачIанила циндаго хуриб бекьараб жоцин баккичIеб цIакъ ракъдалаб сон. Дов мискинчиги тIадеги язихълъиялда кканила. Бечедав чияс хIисаб гьабунила, гьанже гьесие ворчIизе бакI гьечIин, дица кьураб гIарцуде чу бичичIогоян. Щванила дов чиясухъе гьеб мурадгун.

Гьобол тIаде вачIиндал, кколеб къагIидаялъ гьев къабул гьавизе хIадурлъанила мискинчи. КватIичIого, хIанчIил рахьгицин камураб жо гьечIеб квен-тIехалъул стол хIадуранила гьес. Бечедав чи гIажаиблъанила гьаб ракъул соналъги гьадинаб бечедаб гьоболлъи гьабизе киндайин гьав мискинчиясул рес рекъанаян. Рагьун гьесда гьедин абизеги рекъон букIинчIила. Квананила гьел, гьекъанила лазатаб хIалалъ. Жиндир гьабураб гьединаб кIудияб адаб-хIурматалъухъ баркалаги кьун, бечедав чияс добго мурад цебе бачанила.

- Гьанже гьелъул бицун пайда гьечIо, дир гьудул, - ян абунила мискинчияс. – Дуе гьоболлъи гьабизе тIокIаб ресги букIинчIого, дица доб чу хъуна. ТIаде вачIарав гьоболасул хIурмат гьаби гIадаб кIудияб налъи магIарул чиясе киданиги букIинчIо, букIинеги кколаро.

### ВАЦ

Гьоркьоб щиб ккун букIарабали, кIиго гIолохъанчи вагъизе кканила. Цояс цогидав гIодовги тIамун вухулев вукIанила. АскIор рукIаразда гьел ратIа гьаризеги кIолел рукIинчIила. Гьабизе жо тIагIарал гьез росдал бегавуласде, цогидалги жамагIат гIенеккулел къадруял гIадамазде ахIи балеб букIанила рагьулел ратIа гьаризе рачIаян. Амма лъиданиги гьезул ахIи рагIичIила, кумекалъе щивго вачIунев вукIинчIила.

Ахирги цо гIолохъанчияс ахIанила гьоркь тIамун вухулев вугесул вац вачIинев вугилан. Гьел рагIаби рагIаралго, бергьунев вукIарав гIолохъанчи дандиявги живго тун, хIинкъадго дове-гьанивеги валагьулаго, цогияв гIолохъабазда аскIов чIанила. Гьесда гIажаиблъарал гIолохъабазул цояс гьикъанила:

- Бегавуласулги росдал цогиял къадруял гIадамазулги цIарал нижеца ахIараб мехалда дуца гьелъул кIварго гьабичIо, вац вачIинев вугилан абураб мехалда дуца гьов виччан тана. Гьелъул магIна щиб? – илан.

- Нужеца ахIарал цоги гIадамал рачIаралани, гьез ниж ратIа гьарилаан, щиб-кин ккарабиланги гьикъилаан, рекъезеги гьарилаан. Амма гьесул вац вачIаравани, щибго рагIи абичIого, гьес, кьабараб жоялъ бачIинахъего дир бетIер бекилаан, - абун жаваб кьунила гIолохъанчияс.

***ХIабиб ДАВУДОВ***

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** МухIамадова Земфира Жамалудиновна
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** ПатIимат АхIмадова
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*